
ENTWODIKSYON :
RECHÈCH SOU TEREN APRE SIKLÒN MATYE

Mark Schuller

Northern Illinois University & Fakilte Etnoloji (UEH)

Ayiti se yon peyi ki viv dominasyon etranje depi menm anvan mouvman antiesklavaj la ki te deklanche apre seremoni Bwa Kayiman te reyisi mennen endepandans la. Pou kék chèchè ayisyen, sistèm òganizasyon non-gouvènmantal (ONG) la reprezante yon nouvo fòm dominasyon sa a.¹ Etap 12 janvye tounen yon nouvo sekous ONG ; Raoul Peck te rele etap sa a « asistans mòtèl », epi kék lòt aktè nan mouvman sosyal yo te rele 1 yon « okipasyon imanité ».² Mwen te gen yon privilèj kolabore avèk kòlèg ak etidyan nan Fakilte Etnoloji pou mennen yon gwo rechèch anndan kan pou deplase yo nan Pòtoprens sòti 2010 rive 2014. Yon liv sòti ann angle (epi mwen swete vèsyon kreyòl la pral pare nan mwa k ap vini yo) ki detaye yon seri kritik.³ Non sèlman kesyon *kote kòb la ale* (ki pral gen yon nouvo dimansyon apre 2018 nan mouvman PetwoKaribe a), rechèch la te tante reponn ak kesyon, *kisa kòb la fè*. Pou anpil moun, sistèm èd imanité apre 12 janvye te reprezante yon lòt sekous ki te frape peyi a. Kék enpak èd la te genyen se kase lyen solidarite, divize fanmi, enstale nouvo lidè kap sipote ONG, epi menm ogmante vyolans k ap fèt sou fanm. Nan yon fason sistematik, nouvo reyalite a te enplante, se kòmsi *wete trip, mete pay*.

Men kesyon an rete, apre okipasyon imanité a fini, èske chanjman radikal sa yo rete, oubyen èske bagay yo ap retounen jan yo te ye anvan nan kominote yo ? Epitou nou te fè rechèch nan Republik Pòtoprens la sèlman; èske se menm reyalite « andeyò » ? Pou eseye reponn ak kesyon sa yo, nou gen yon nouvo pwojè rechèch ki makonnen plizye enstitisyon akademik. Seri atik sa yo se youn nan fwi rechèch sa a. Nou te chwazi uit lokalite nan Gran Sid la parapò ak de kritè : (1) tay prezans ONG anvan 12 janvye epi (2) lojik « devlopman » / lojik « imanité », ki vlè di nou chawzi zòn kote Goudougoudou pat fè ravaj. Nou te kòmanse mennen ankèt la an 2015. Uit ekip entènasyonal te sou teren pou uit senmenn nan ete 2016. Epi de mwa annapre, 4 oktòb, Siklòn Matye te frape Gran Sid la, nan zòn kote sekous 2010 la pa t touche.

Twa otè yo se etidyan nan Depatman Syans pou Devlopman nan Fakilte Etnoloji a. Yo touletwa te fè pati ekip ki te fè premye etap eksplorasyon nan 2015, uit senmenn ete 2016, yon vizit sou teren nan menm mwa oktòb 2016, yon ti ankèt desanm 2016, epi yon lòt etap uit senmenn ete 2017.

Lè nou li twa atik sa yo, n ap gade reyalite a apre Siklòn Matye, ki pa t fè yon bwi nan laprès ak ajans imanité entènasyonal yo. Lajan enstans etranje yo te pwomèt te reprezante sèlman youn pousan èd ke yo te pwomèt apre 12 janvye. Kòm rezulta rechèch sou teren (etnografik), atik sa yo siyale oriijinalite zòn yo : chak lokalite ap konfwonte katastwòf la nan pwòp fason pa yo. Gen kèk diferans nan enpak ouragan nan te fè sou lavi moun, kay fanmi yo, sou kesyon lekòl, agrikilti, ekonomi, ak lavi sosyal.

Epitou, gen yon seri fenomèn ki parèy nan touletwa ka (Kanperen, Pòsali, ak Abriko). Premyèman, siklòn nan te chanje priyorite ak bezwen popilasyon an. Nan yon zòn tankou Abriko ki pwodwi manje avèk agrikilti ak lapèch, manje a pa parèt nan lis bezwen popilasyon an anvan siklòn nan. Men katastwòf la te poze pwoblèm manje nan yon fason grav. Pyebwa lamveritab ak mango pa t ka donnen pou kèk lane apre. Tout rekòlt pèdi. Epi reparasyon lakay vin yon ijans. Malgre sa a, èd imanité ki te vini pa koresponn avèk priyorite popilasyon an. Sa se youn nan pi gwo kritik popilasyon an pote anvè ONG yo.

Gen lòt seri analiz popilasyon yo pote nan twa atik sa yo. Youn nan rezon èd la pa efikas la se mòd relasyon ajans imanité entènasyonal la genyen avèk kominote a. Olye pou yo diskite avèk popilasyon yo, ajans yo enpoze solisyon yo epi yo chwazi kiyès ki ap resevwa èd. Lojik viziblite a deyè chwa non sèlman entèvansyon (paregzanz prela), men zòn yo entèveni : se touprè wout nasyonal kote w ap wè tòl yo reflete solèy la. « Viziblite » gen yon lòt sans nan lojik imanité a. Èd sinistre kap kreye nouvo lidè nan kominote a, kap ede yo vin pi vizib. Atik Saint Louis a analize « zòn pa » : yon aktè politik tankou majistra a oubyen depite a fè demach pou yo jwenn èd, oubyen ONG yo deja jwenn yo kòm reskonsab zòn nan, epi èd la kache nan zòn kote yo rete a. Èd ONG vin yon zouti tèlman efikas nan yon batay politik, yon kanpay elektoral : Jovenel Moïse te mete figi li sou sache dlo, Jude Celestin te debloke pon Ladig. Nap raple nou tou Matye te pase pandan yon kanpay prezidansyèl. Finalman, « Core Group la »—gwo peyi tankou Etazini, Lafrans, ak Brezil nan konplo avèk Nasyonzini ak Òganizasyon Leta Amerik yo : OEA (nan sig franse a)—te enpoze elekson final la sèt senmenn apre ouragan nan, malgre 80% lekòl yo te andomaje nan Grandans. Atik Lamartinière a detaye kijan èd ONG yo te mete gaz sou dife konfli politik yo. Atik sa yo egzamine relasyon ant popilasyon an epi twa seri enstans : ONG, leta, ak otorite lokal yo, epi tou

kijan moun nan kominate yo wè chak gwoup sa yo, epi opinyon moun yo tou sou relasyon enstans sa yo. Youn nan ipotèz pi orijinal esplike poukisa, malgre lefèt popilasyon nan Kanperen pa fè ONG konfyans, yo toujou vle wè yo nan kominate yo. Atik Voltaire a sèvi ak analiz Fanon pou esplore lojik kolonyal ONG a : *apre Bondye, se blan, se ONG.*⁴

Atik sa yo pral make yon etap nan listwa peyi a ki vrèman fè yon gwo enpak, men ki rete nan lonbray. Konsa tèks ki swiv yo pral itil chèchè nan lavni, sitou istoryen yo. Pou mwen menm, yo reprezante yon fwi yon kolaborasyon epi yon egzanp enpòtans rechèch nan inivèsite publik ak wòl inivèsite a nan jwenn solisyon nan lavni peyi a.

Not

Otè a ta renmen wete chapo l byen ba pou tout ekip JOHS pou kokennchenn travay yo te fè pou atik swivan yo, epi an jeneral pou sipò yo bay pou tout etidyan. Youn nan premye atik pa m kòm etidyan te pibliye nan Jounal sa a. Mil mèsi !

¹ Lwijis, *ONG: Kî gouvènman ou ye?*; Étienne, *Haiti : L’Invasion des ONG*.

² Peck, *Assistance mortelle*.

³ Schuller, *Humanitarian Aftershocks in Haiti*.

⁴ Fanon, *Black Skin, White Masks*.

Bibliyografi

Étienne, Sauveur Pierre. *Haiti : L’Invasion des ONG*. Port-au-Prince, Haiti : Centre de Recherche Sociale et de Formation Economique pour le Développement, 1997.

Fanon, Franz. *Black Skin, White Masks*. Trad. Charles Lam Markmann. New York: Grove Press, 1967.

Lwijis, Janil. *ONG: Kî gouvènman ou ye?* Pòtoprens : Asosyasyon Inivèsitè ak Inivèsitè Desalinyèn—ASID, 2009.

Peck, Raoul. *Assistance mortelle*. Arte France, 2013.

Schuller, Mark. *Humanitarian Aftershocks in Haiti*. New Brunswick, NJ: Rutgers University Press, 2016.